

# POLICE NATIONALE D'HAITI

## DAP / PNH

### PRISON CIVILE DE JEREMIE



#### HORAIRE DES ACTIVITES

PRISE DE NOURRITURE : DU LUN AU DIN  
DE 6 HEURES AM - 12 HEURES PM  
2 HEURES PM - 4 HEURES PM

VISITE DES PROCHES : MER & DIM  
DE 9 HEURES A 12 HEURES PM

NB: Le service de fouille est obligatoire  
en tout temps selon le règlement  
de l'institution.



**Kondisyon k ap grangennen nan prizon Jeremi, Ayiti:  
Apèl alaksyon pou prezève garanti pou respè lavi moun,  
avèk pou yo jwenn yon pwosè jis epi ekitab**

**5-01760**

**Prison civile  
Jérémie**

# **Kondisyon k ap grangennen nan prizon Jeremi, Ayiti: Apèl alaksyon pou prezève garanti pou respè lavi moun, avèk pou yo jwenn yon pwochè jis epi ekitab**

**Jen 2023**



Center for Gender & Refugee Studies



Haiti Justice  
Partnership

**Kondisyon k ap grangrennen nan Prizon Jeremi, Ayiti:  
Apèl alaksyon pou prezève garanti pou respè lavi moun,  
avèk pou yo jwenn yon pwosè jis epi ekitab**

**Jen 2023**

## **Rezime Ekzekitif**

Eta deplorab prizon Dayiti pa yon fenomèn nouvèl. Lakou Dapèl Federal Etazini te konpare kondisyon prizyonye Ayisyen ap viv ladan an tankou yon “bato negriye.”<sup>i</sup> Plis pase yon deseni, Inter-American Court on Human Rights (IACtHR – Tribunal Entèameriken Dwa Moun) te bay premye jijman I kont leta Ayiti nan ka prizyonye politik, ansyen Premye Minis Yvon Neptune, kote yo te òdone gouvènman an pou pran mezi nesesè pou rasire tout prizyonye ale devan yon jij rapid epi pou sistèm penitansye a modènize, konfòm pou moun ka jwenn yon tretman imen.<sup>ii</sup> Malgre anpil jefò san pran souf defansè dwa moun yo pou atire atansyon sou pwoblèm sa a epi pou lofri asistans jiridik yo, apèn yon ti kras pogrè fèt nan sans sa a, met sou li, kondisyon denstabilite politik dènye ane sa yo makònèn ansanm ak resesyon ekonomi mondyal la—ki chita sou istwa pil entèvansyon etranje ak eksplwatasyon peyi Dayiti—mete klou sou absè move kondisyon sa yo. Yo te tante remanye sitiyasyon nan penitansye nasyonal nan kapital Ayiti, Pòtoprens, men anyen pa fèt nan prizon nan Vil pwovens yo. Rapò sa a bouche twou vid yo.

Kondisyon anndan peyi Dayiti lavèy asasinay ansyen prezidan Jovenel Moise, an Jiyè 2021, t ap dekangrenen rapid epi pwovoke yon seri anpil move konsekans sou pèp ayisyen an avèk sektè lajistik ann Ayiti. Nasyon Zini, Inter-American Commission on Human Rights (IACHR – Komisyon Entè Ameriken pou Dwa Moun) ansanm ak plizyè òganizasyon sosyete civil la te denonse echèk gouvènman defakto a ak kominate entènasyonal la ki pa kenbe obligasyon yo pou defann dwa Ayisyen.<sup>iii</sup> Koripsyon san parèy ki blayi nan enstitisyon yo ak vyolans gang yo destabilize peyi a epi rann sistèm jidisyè a non fonksyonèl.<sup>iv</sup> Koripsyon sa a kokobe sistèm jidisyè ann Ayiti ak prizon yo—ki kòz pwosè yo trennen epi tout aksè pou moun jwenn lajistik rete tennfas pwenn fè pa. Rezulta: anpil moun ki gen ladan yo timoun ap mwezi nan prizon pandan plizyè mwa oswa lane san yo pa janm wè yon jij. Anpil ladan yo, nan tan yo gen nan prizon an, yo depase lontan santans maksimòm lalwa prevwa pou enfraksyon yo repwoche yo a. Epitou, reyemèjans kolera a ak anfondreman sèvis esansyèl yo avèk aksè pou jwenn pwodwi depremye nesesite yo tankou manje, dlo, swen sante, met sou kondisyon ekstrèm lamizè a kontribye nan degrengolad kè sote k ap vale teren sou dwa pou jwenn lasante patikilyèman pou moun nan prizon yo.<sup>v</sup>

Biwo Pwoteksyon Sitwayen ann Ayiti (Haiti's Office of Citizenship Protection ou OPC) avèk òganizasyon non gouvènmantal ki baze ann Ayiti tankou Biwo Avoka Entènansyonal (*Bureau des Avocats Internationaux - BAI*) ak Rezo Nasyonal pou Defans Dwa Moun (*Réseau National de Défense des Droits Humains - RNDDH*) atire anpil atansyon sou kondisyon terib

anndan prizon Ayiti, yo lanse gwo apèl pou pase alaksyon ann ijans pou evite yon katastwòf imanité.<sup>vi</sup> Rapò sa a chita sou rezulta sa yo ki kolekte enfòmasyon espesifik sou yon prizon Ayisyen: se prizon Jeremi nan Depatman GrandAns ki sitiye nan pwent sidwès Peyi Dayiti. Istwa ki pataje yo pote limyè sou eksperyans reyèlman (in)imen moun nan prizon Jeremi epi vle rasire sitiyasyon detrès sa a pa redwi senpman nan yon lòt estatistik prizon. Rapò sa a konfime ke an reyalite Ayiti pa rive pran okenn mezi pou enpleman egzijans obligatwa Lakou Entèamerikèn Dwa Zimen mande yo. Sa ki sèten, Ayiti pa memm an règ avèk pwòp lwa domestik li, ak pwòp lwa pa l, ni ak Konstitisyon Peyi a, alewè pou trete entènasyonal sou dwa moun li ratifye yo. Epi, li kontinye pratik flagran nan kenbe moun nan prizon san jijman, vitametènam, san respekte garanti pou moun lan jwenn yon pwosedi yon pwosè ekitab kòmsadwa pandan y ap sibi move tretman grav. Malsite sa yo pa sèlman yon nosyon ideyolojik; yo mennen nan plizyè lanmò trajik.

Rapò sa a rive posib gras ak yon travay kolaborasyon ant etidyan ak pwofesè Fakilte Dwa University of California, Haiti Justice Partnership nan San Francisco, Center for Gender & Refugee Studies, avèk Fakilte Dwa Jeremi (*École Supérieure Catholique de Droit de Jérémie* ki rele tou ESCDROJ). Misyon patenarya sa a se fè yon eta dedwa pogrese nan peyi Dayiti nan kore edikasyon jiridik epi angaje pou defann dwa moun.<sup>vii</sup> ESCDROJ se baz kote Klinik Rechèch, Analiz, ak Asistans Legal (*Clinique de Recherche, d'Analyse, et d'Assistance Légale de l'ESCDROJ* oswa CRAALE) chita. Dapre sa nou kwè, se premye klinik entèn ki bay èd jiridik anndan yon fakilte dwa ann Ayiti, ki te kreye pou reponn bezwen ijan kominate a ki t ap sibi vyolans seksyèl jeneralize avèk anprizonnan manch long, nan kondisyon inimen, san okenn aksè pou jwenn avoka, ni jij, ni yon pwosè.<sup>viii</sup> Rapò sa a santre sou jefò san pran souf estajyè CRAALE yo pou yo te reyalize entèvyou byen chapante ak 122 moun nan prizon Jeremi depi 21 rive 29 Mas 2023. Entèvyou sa yo reprezante 25% total moun nan prizon an lè sa a; epi yo enkli 100% fanm ak timoun yo te kenbe la a.

Rapò sa a mete aklè ke pou chak gress detni ki te entèviouye nan mwa mas 2023 a, garanti ak dwa pou yo jwenn yon pwosè ki jis ak ekitab, pase anba pye. Gwo vyolasyon flagran tankou moun ki ankonbre pil sou pil alekstrèm, tout moun nèt kwachòkò, vyolans nan prizon toutan, avèk peryòd manch long tan ki fèt nan prizon an defason demezire—ki an mwayèn dire preske katran san akizasyon fòmèl, san jijman ni aksè pou jwenn avoka—se lanòm. Sa k pi twoublan se ka grav tibèkiloz ak kolera yo ki pa jwenn bon tretman ditou. Preske tout prizonye ki te entèvyouve yo te soufri ak gwo gratèl ki pa janm geri ak doulè vant nan moman an.

Rapò sa a fèt an kat pati: Premyeman, li ba w yon apèsi sou kondisyon anndan prizon an ki demonstre respè ou pito non respè pou yon estanda minimòm parapò ak aksè pou jwenn manje, sanitasyon, ak lòt bezwen de baz yo. Apre sa, li repètorye vyolasyon prizonye yo ap konfwonte pou yo gen garanti jwenn yon pwosedi legal kòmsadwa epi gen aksè ala jistis. Palaswit, gen yon analiz sou obligasyon dwa moun Ayiti pran angajman pou l respekte yo. Rapò a konkli avèk yon seri rekòmandasyon espesifik. Nan tout rapò a, objektif la se rive prete vwa bay moun k ap depafini anndan prizon yo ki si se pa gras jefò CRAALE, t ap

pratikman blyie nèt epi viv san lespwa pou revandike dwa yo. Tout non yo chanje pou pwoteje vi prive moun konsène yo.

Etan done sitiyasyon k ap kontinye deteryore nan sistèm jistis penal Ayiti a ak defisyans ekstrèm kondisyon vi yo nan prizon Jeremi, òganizasyon siyatè yo mande pou prizon Jeremi an fèmen touswit paske li imènnman pa fèt pou moun. Pou pi piti, lòt mezi ta dwe pran touswit pou diminye moun pil sou pil yo, atake katastwòf imanitè sa a, epi kòmanse reyabilite dwa Ayisyen yo mete dèyè bawo endefiniman san akizasyon ofisyèl, ankenn opòtinite pou defann tèt yo, pandanstan y ap kwoupi nan yon kondisyon inimèn atwòs. Eta delabreman prizon Jeremi mande yon seri de mezi ijan e radikal.

## **I. Moun ki nan Prizon Jeremi an Rapòte Kondisyon Delabreman ki Menase Sante Fizik, Mantal ak Sekirite yo**

Sondaj 122 fanm, gason, ak ti gason (pa gen ankenn ti fi nan prizon pou koulyea) ki te fèt an mas 2023 demontre kondisyon kè kase ak twòp moun anpile pil sou pil, mal nouri, san aksè pou jwenn swen sante nan prizon Jeremi. Ankèt la te dekri yon imaj enkyetan tou sou sa moun nan prizon yo ap viv.

Ankèt ki te fèt anvan, ke ESCDROJ ak lòt partnè te reyalize, te evalye kondisyon prizon Jeremi yo ak bezwen detni yo.<sup>ix</sup> Nan etid sa yo, gen enfòmasyon ki te ranmase nan men jij, lapolis, Komisè Gouvènman, direktè prizon, ak anplwaye Nasyon Zini; men te manke done ki te ranmase nan men detni yo, yo menm. Ankèt sa a itilize rezulta ki te gen anvan yo kòm baz referans kidonk li konplete jefò ki te fèt anvan yo avèk entèvyou 122 moun yo pou bay yon mizajou epi penn yon tablo pi konplè sou konjonkti aktyèl prizon an.

### **A. Kondisyon moun pil sou pil rive nan bout li**

Sitiyasyon mangonmen moun pil sou pil nan prizon Jeremi ak nan lòt prizon toupatou ladan I Ayiti se yon problèm depi dikdantan. Batiman kote prizon Jeremi an ye a se yon kay prive yo konvèti epi ki te gen kapasite pou kenbe ofisyèlman sèlman 60-70 moun prizonye.<sup>x</sup> An 2012, prizon an depase gran maksimòm sa a ak popilasyon ladann ki rive nan 264 moun. Selil ki te konsevwa pou 10 moun pou pi plis kenbe jiska 60 moun.

Malerezman, sitiyasyon moun pil sou pil la gangrennen pi rèd atò nan dènye deseni yo akoz divès faktè ki enkli sistèm disfonksyonèl tribunal yo ki diskite nan seksyon II pi ba a. Prizon Jeremi a devlope konsiderableman avèk popilasyon li nan mwad mas la ki rive nan yon chif tèt chaje avèk 470 moun.<sup>xi</sup> Pandan etablisman prizon an a vin agrandi yon ti kras depi 2012, li toujou twò piti pou akòmode ogmantasyon wit fwa plis kapasite espas la te konsevwa pou kenbe a. Selil yo kontinye chaje avèk prizonye, espas yo tèlman kwense, sa oblige tout moun pa ka lonje kò yo an menm tan. Enfòmasyon sa a reflete rezulta pa twò lontan ki te jwenn sou prizon Ayiti an jeneral ki te fè konnen yon gason prizonye an mwayèn gen

sèlman 0.57 mèt kare nan selil li kòm tout espas pandan fanm ak jèn ti gason bije rete nan selil kwense menm jan an tou ak 1.37 mèt kare ak 0.88 mèt kare disponib pou yo chak.<sup>xii</sup> Nòm minimòm entènasyonal la egzije 4.00 mèt kare<sup>xiii</sup> espas pou chak moun—plis pase sèt fwa sa yon gramoun gason genyen nan prizon Jeremi.

Demografi Prizon Jeremi andat 21 Mas 2023	
Gason	438
Fanm	19
Jèn Ti Gason	13
Jèn Ti Fi	0
<b>Total</b>	<b>470</b>

## B. Sistèm Dasenisman ak Espas pou Moun Kouche pa bon ditou

Moun ki nan prizon Jeremi yo ap kwoupi anba move kondisyon inimen kote aksè pou jwenn kabann pou dòmi, douch ak twalèt pa reponn avèk okenn estanda imanitè. Ankèt ki fêt deja te revele yo pa otorize matla nan selil gason yo pou yo dòmi paske fetay an aliminyòm lan pa sekirizan kifè moun nan prizon yo ka sove depi yo anpile matla youn sou lòt. Pafwa se katon yo bay moun yo pou yo kouche. Nan selil ki plen moun tankou sadin anndan yo, kote a pa gen ase espas pou tout moun kouche an menm tan kidonk yo oblige akwoupi osawa altène dòmi youn apre lòt. Ankèt sa a rekonfime enfòmasyon an kote se yon ti kras moun nan sa ki te reponn sondaj la ki rive jwenn aksè ak kèlkelanswa bagay la pou yo dòmi isit la.

Menm jan ak etid anvan yo, ankèt mas 2023 a revele kondisyon sanitasyon yo trè move. Pi fò moun yo fè konnen yo gen aksè ak yon douch ridimantè ak kèlke pwodwi ijyèn tankou yon bwòsadan osawa savon. Men, sa pa klè si tout moun rive jwenn sa. Malgre gen kèk twalèt nan prizon an, moun nan prizon yo pa kapab itilize yo toutan nan jounen an, kidonk oblige itilize bokit nan selil yo nan lòt okazyon yo. Ti fenèt jis avèk move ayerasyon met klou sou absè. (Gade foto saldeben yo nan paj apre a.)

“M ta renmen mande w pou w ede jwenn libète m. M jèn, mwen malad, mwen pa kapab jwenn swen m bezwen isi a nan prizon an.”

- Jean, yonjenòm 21 lane yo akize ki vòlè yon telefòn nan prizon an depase plis pase en an



### C. Alimantasyon ki pa adekwat mete moun yo arisk grangou ak malnitrisyon

Se yon pwòblèm pèpetyèl kesyon pa gen aksè sifizaman ak manje nourisan nan prizon Jeremi.<sup>xiv</sup> Sepandan, dapre moun yo te ankete an mas la, kwachòkò se yon pwoblèm pi grav pase jan yo te konprann anvan an. Yo sèvi moun yo nan bòkit nan selil yo (*gade foto nan paj apre a*). Aktivite gang yo bloke transpò nòmal pwodwi yo kifè estòk manje prizon an kaba. Epitou, varyete nan manje yo diminye avèk ratman lamanjay sou sèn mondyal k ap vale teren chak jou; koulyea yo sèlman lofri mayi ak diri. Manje sa pa ase nourisan kifè anpil tonbe grangou epi arisk pou tout lòt move pwoblèm sante tankou gratèl. Preske mwatye (45%) nan moun yo te entewoje yo fè konnen y al dòmi grangou. Òganizasyon sosyete civil yo te bije pase alaksyon, siplemente avèk don, men sa pa t sifi.

Moun nan prizon yo fè konnen tou gen yon mankman grav pou jwenn aksè ak dlo potab. Jan sa diskite pi ba a an plis detay, kantite ka kolera—yon maladi ki transmèt pa dlo—ogmante.

“M al dòmi grangou chak jou. M pa gen manman, m pa gen papa ni lòt vizitè ki ka sipòte m. Tanpri pran ka m lan an konsiderasyon.”

- *Paul* se yon òfelen 18 an yo te arete pou diri l te vòlè an janvye 2023; li poko janm konparèt devan jij ni konsilte yon avoka

### D. Minimòm aksè pou jwenn swen sante ak maladi kontajye ki gaye

Ankèt sa a met an evidans pwoblèm sante k ap fè ravaj anndan prizon Jeremi. Majorite moun yo entèvyouwe yo soufri yon kèlkonk maladi ki pa trete, epi gen 37 moun ki rapòte bezwen yo genyen pou jwenn swen ann ijans. Pami kondisyon mwen grav yo, gran majorite moun ki reponn sondaj la (70%) rapòte yo kontrakte maladi a pandan yo nan prizon an avèk 22% ladan yo k ap soufri ak gratèl sou tout kò yo. Mwens pase 20% moun ki reponn sondaj yo te resevwa tretman pou pwoblèm sante yo a. Klinik prizon an ekipe prensipalman pou founi premye swen ijans, pa pou trete maladi pi grav yo.

Tibèkiloz avèk kolera te pi dri pase sa n te antisipe. Nan 122 moun ki te entèvyouwe yo, 15 te dyanostike ak kolera epi wit te gen tibèkiloz.<sup>xv</sup> Nan 15 ki te dyanostike avèk kolora, sis sanble te kontrakte maladi a nan prizon an paske yo fè konnen premye dyagnostik yo te resevwa se apre plizyè lane yo fè kenbe yo nan prizon Jeremi vitametènam. Yo tout ki fè konnen yo teste pozitif pou kolera temwaye yo te ba yo omwen yon kèlkonk tretman evantyèlman, kwak dat tretman pi resan yo te jwenn varye konsiderableman ant: kèlke jou ak si zan. Gen de moun ki pa t kapab sonje dènye fwa yo te jwenn tretman. Rapò yo endike tretman pa t regilye pou moun k ap soufri tibèkiloz yo. Sa ki klè sèke moun yo ki bije rete sere kòtakòt, yo kategorikman kite yo san pwoteksyon kont—anplis tretman pa regilye ni sifizan pou—de gwo maladi ki atrapan anpil anndan prizon Jeremi.

## E. Vvolans jeneralize kont moun yo anprizone yo

Ankèt la pèmèt yo kapte vvolans tribòbabò ki komèt kont moun nan prizon nan Jeremi. Yon kantite ki fè n pantan, 93% moun yo entèvyouwe yo te wè ak de je yo pèsonèlman omwen yon zak vvolans nan prizon an epi 32% te yo menm sibi agresyon fizik pandan yo nan prizon an. Epitou, preske mwatye nan moun ki te reponn kesyon sondaj la te yo menm sibi ditò lè yo t ap arete yo. Moun yo ki reponn kesyon yo fè konnen ni pèsonèl kap siveye, ni prizonye parèy yo te komèt abi sa yo. Chif sa yo patikilyèman remakab pwiske gen plis chans yo pa menm repòte yo kòmsadwa paske moun yo tou pè pou yo pa sibi chòkanretou epi sitou manke yon espas prive pa moman nan kote entèvyou yo fèt la.<sup>xvi</sup>

Sèlman kèlke gress moun kite patisipe nan entèvyou a, rapòte abi yo sibi paske yo pè chòkanretou, sitou lè agresè a se yon anplwaye prizon an. Kèlke nan sa ki pote plent sou tò yo sibi anba men ajan prizon yo, kèk fwa agresè a te jwenn reprimann men okenn swivi pa fèt yo fason pou agresè a ta reponnde zak li oubyen pou yo ta bali yon sanksyon ke zak li merite.

“Tanpri ede m pou yo libere m fè m soti isi a. Mwen malad.”

- Ronald se yon mesye ki gen 48 an yo te mete nan prizon an 2020 sou akizasyon l te vòlè yon ti sak diri; li kontrakte tibèkiloz nan prizon an, jiska prezan li pokò janm wè yon jij ni pale ak yon avoka ni resevwa atansyon medikal

“Yon fonksyonè prizon an te bat mwen pase m te mouye l pa aksidan pandan m t ap benyen. M pokò janm pale ak yon jij depi m rive isi a an 2021.”

- Martin, se yon mesye ki gen 22 zan yo akize l vòlè yon motosiklèt ki nan prizon an preske de zan



## **II. Detansyon Manch Long Moun nan Prizon Jeremi yo Pase anba Pye Dwa Pou yon Jwenn yon Pwosè Ekitab Kòmsadwa**

Ni lwa peyi a ni lwa entènasyonal la anvizaje pou fè respekte dwa moun yo akize ki komèt yon zak kriminèl ann Ayiti pou yo jwenn yon pwosedi legal kòmsadwa. Patikilyèman, Atik 24-1 Konstitisyon Ayiti mande pou yo pa arete, rapouswiv moun lajistik, oubyen kenbe yo an detansyon abitrèman. Epi Atik 26 lan mete aklè yo pa ka kenbe yon moun an detansyon pou plis pase 48 èd tan amwenske moun lan te deja prezante devan jij ki finalman te detèmine legalite arrestasyon an. Nan ka kote arrestasyon an pa legal, fò yo lage moun lan touswit, konfòm ak jan Konstitisyon Ayiti ansanm ak dispozisyon trete entènasyonal sou dwa moun ki diskite pi devan an la a mande.<sup>xvii</sup> Kòd sou Pwosedi Penal Ayiti prevwa tou dwa pou moun jwenn yon pwosè rapid nan yon delè kat mwa.<sup>xviii</sup>

Nou byen sezi, gen sèlman wit nan moun ki te entèvyouwe yo ki fè konnen yo te rive pale ak yon jij sou 48 èd tan konstitisyon an garanti kòm ekzijans lan, epi gen sèlman 45 (osnon 37%) ki te gen chans pale ak yon jij a yon moman done apre arrestasyon yo. Nan sa ki te wè ak yon jij yo, pi fò poko janm jwenn akizasyon fòmèl yo, sa vle di yo rete la nan prizon san yo pa konnen egzakteman ki krim, ki zak yo komèt ke lajistik repwoche yo. An reyalite, yon sèl nan moun ki patisipe nan entèviou a ki kondane pou enfraksyon li komèt la. Anplisdesa, malgre sa pata sipoze etone pèsonn nan kalamite yap viv la, gen sèlman 11 moun nan sila yo ki te patisipe nan entèviou a ki te jwenn opòtinite pale avèk avoka sou akizasyon ki gen sou do yo.

Tout 122 moun ki patisipe nan entèviou a pase an mwayèn 4 lane ap tann pou yo prezante devan jij ki pou detèmine legalite arrestasyon yo an. Ret an detansyon anndan prizon an nan yon kondison makawon pandan plizyè lane ap ret tann lekti akizasyon fòmèl yo ou dimwens pou jijman yo fèt, anpil moun dekrenmen nan prizon an, nan pase plis tan ke maksimòm tan pou yo ta fè si yo te jije pou zak osnon enfraksyon yo komèt la. Pa egzanp, 40% swadizan ofans yo, pami moun ki te fè entèvyou an, se pou ti enfraksyon oswa pou ofans ki pa vyolan tankou vòlè yon selilè oswa manje yo te arete yo—ki souvan pa bay plis pase sis (6) mwa santans kòm pinisyon oswa pou zak delenkans lan. Poutan, tan endividé sa yo fè nan prizon pou peye pèn pou Yon ofans ki pa menm vyolan, rive an mwayèn plis pase twa zan aktyèlman.

Yon jenòm ki gen 24 an yo akize ki vòlè yon telefòn an jiyè 2021, ki pa ko janm wè yon jij ni pale avèk yon avoka, rete an detansyon Jeremi pandan preske de zan. Yon lòt mesye ki gen 29 an yo te arete pase I vòlè pwodwi kosmetik an 2019 poko nonplis janm pale ak jij ni avoka malgre ke yo kenbe I an detansyon pou preske katran. An septanm 2020, yon mesye ki gen 48 tan te kenbe an detansyon pou yon sak diri yo di li vòlè epi I pa janm wè jij pou akizasyon an depi twa zan sa fèt la. Istwa moun sa yo se pa ka izole men se fè divè nan prizon Jeremi. Moun akize yo arete yo, pa janm wè jij, pa janm jwenn akizasyon ofisyèl, pa janm jije: yo jis ret la ap tann nan kondisyon pil sou pil ekstrèm, ap pran maladi, ane vini, ane

ale. Menm si yo koupab, mesye sa yo ak anpil lòt peye pèn yo depase tan ekzijib pou volè yon telefòn oswa yon sak diri. Dwa konstitisyonèl yo vyole pou jwenn yon pwosè legal kòmsadwa; yo pa ba yo okenn opòtinite pou yo jwenn jistis ni defann tèt yo kont akizasyon yo met sou do yo a. Nan ka sa a, prizon Jeremi an asanm avèk sistèm jidisyè Aysyen an, fèmen bouch detni sa yo, vyole dwa yo, vyole libète yo avèk dwa pou yo genyen yon pwosè ekitab.

### **III. Kondisyon nan prizon Jeremi reprezante yon vyolasyon dwa moun gouvènman Ayiti ak kominote entènasyonal la dwe repare sitiasyon sa a**

Fè dwa moun respekte epi tabli kondisyon kote lajistis kab garanti se objektif fondalnatal kad jiridik entènasyonal la. Depi Nasyon Zini te kreye, plizyè akò chache rekonèt epi pwoteje diyite chèmèt chèmètrès ak dwa entrensek tout moun. Se responsabilite chak eta manb ak kominote entènasyonal la nan kole tèt ansanm pou mete ann aplikasyon dwa sa yo, patikilyèman pou moun pi vilnerab kap sibi abi. Trete anrapò ak dwa fanm, timoun, moun andikape, moun yo akize de zak kriminèl, ak moun nan prizon renouvre angajman enpòtan sa a.

Malgre Ayiti ratifye plizyè trete sou dwa moun ki tabli epi konplete pwoteksyon dwa ak lejilasyon peyi a,<sup>xix</sup> moun detni nan prizon ann Ayiti kontinye ap sibi kondisyon egzekrab k ap vyole diyite antanke moun epi mete lavi yo an danje chak jou. Nan lane 2008, nan Ka ansyen Premye Minis Aysyen Yvon Neptune yo te fè pran prizon mal, Lakou oubyen Tribunal Intèameriken sou Dwa Moun (IACtHR) te jwenn eta selil li te ye a pa t gen okenn ijjèn, okenn salibrite, li te manke aksè pou yon sistèm sanitè adekwa, yo te enpoze restriksyon sou deplasman l epi li te sibi menas toutan ki te mete sekirite ak lavi l an danje. Sa yo reprezante move tretman inimen ki vyole Atik 5 Konvansyon Amerikèn Dwa Moun lan, kidonk egzije Ayiti pou repare mal li fè yo epi kreye yon plan pou amelyore kondisyon jeneral yo.<sup>xx</sup> Malerezman, kondisyon prizon an Ayiti, pli patikilyèman nan Jeremi, sèlman vin pi mal depi lè sa a.

“M ta renmen pran swen fanmi m ak twa pitit mwen yo. Tanpri ede m paske prizon an makawon. M pa gen pèsòn ki pou ede libere m soti isi a.”

- Christophe, se yon mesye tranndezan yo akize l volè yon sak diri, lwil, ak somon, epi yo mete l nan prizon depi 2020

Depi mwad mas 2023, 470 moun fèmen antase kou sadin nan selil prizon Jeremi ap sibi vyolasyon kont dwa yo kòm moun, tennfas san pran souf. Sitiyasyon sa a rive nan pwen kote se yon gwo vyolasyon trete entènasyonal Ayiti te ratifye yo ansanm avèk plizyè lòt akò ki pa obligatwa ki te devlope nan kad Nasyon Zini pou pwoteje diyite moun yo mete nan prizon.<sup>xxi</sup> Tablo ki anba a bay yon ti analiz tou kout sou kèk nan vyolasyon prensipal dwa moun ki te repètorye nan prizon Jeremi an.

Entèdiksyon kont tòti ak maltretans oswa pinisyon kraze zo, inimen, osnon avilisan <sup>xxii</sup>	Sitiyasyon an grav pa gen kote pou pike zepeng, espas pa vantile, kondisyon ijyèn lan mal anpil epi aksè limite pou jwenn kabann pou dòmi se reyalite a alawonbadè. Pratikman tout (96%) moun ki te fè entèvyou yo fè konnen yo te temwen vyolans ki nan plizyè ka se pèsonèl prizon an yo ki te komèt yo.
Dwa pou gen lavi <sup>xxiii</sup>	Lavi moun detni yo toujou menase akoz vyolans y ap sibi avèk mank swen medikal. RNDDH rapòte ant mwad janvye rive oktòb 2022, de moun te mouri pandan yo nan prizon Jeremi a. <sup>xxiv</sup>
Dwa pou gen libète ak sekirite endividye <sup>xxv</sup>	Plizyè moun yo akize komèt yon seri ti enfrakson yo kenbe yo nan prizon nèt san yo pa janm gen opòtinite pou wè yon jij oswa yon avoka. Yon ekzanp konsa se yon mesye ki gen 48 an yo mete nan prizon an 2020 pou yon sak diri l vòlè. Li pa ni gen aksè jwenn yo reprezante l legalman ni pale ak yon jij depi lè a.
Dwa pou rive jwenn bon jan nivo sante <sup>xxvi</sup>	Pami moun yo te entèvyouwe yo, 74% fè konnen yo gen yon pwoblèm sante men anpil pa resevwa tretman adekwa. Nan pwoblèm sante ki rapòte yo, 44% ladan yo te grav ki enkli kolera ak tibèkiloz ansanm ak lafyèv, doulè vant, enfeksyon nan kanal pipi, ak bouton. Gen de fanm ki dekri yo "malad nan tete", yo pa jwenn swen medikal ni yo pa fè tès depistaj kansè pou yo.
Entèdiksyon kont diskriminasyon ak vyolans ki baze sou "jan" <sup>xxvii</sup>	Sou 14 fanm ki te fè entèvyou yo, 5 rapòte yo sibi vyolans. Nan gwoup sa a, 4 fanm ladan di agresè ki te fè yo mal lan se yon pèsonèl penitansye an epi senkyèm lan pa devwale sous agresyon an.
Dwa Timoun detni yo pou yo jwenn tretman imen ak swen apwopriye pou laj yo, ki enkli kontak ak vizit fanmi yo <sup>xxviii</sup>	Yon jèn ki gen 17 an yo mete nan prizon pou yon telefòn li vòlè, deklare li pa rive gen kontak ak paran l oswa pèsòn responsab li. Li di tou li sibi zak vyolans nan men yon pèsonèl prizon an akoz laj li.

## **IV. Rekòmandasyon**

Pwovizyon jiridik obligatwa tankou sa ki dekri pi wo yo egzije leta ayisen pou li respekte dwa zimen tout moun ki sou jirisdiksyon l epi yo enpoze l yon responsabilite byen patikilye anvè moun ki sou chay li nan prizon yo. Malgre ranpa legal sa yo, kondisyon nan prizon Jeremi kategorikman nye nòm minimòm debaz sa yo epi ofanse oubyen vyole diyite imèn moun yo. Etandone kriz gouvènans konjontirèl ann Ayiti a, moun ki ekri rapò sa a trè konsyan defi otorite lokal ak lòt aktè yo genyen devan yo. Nan lespri sa a, rekòmandasyon sa yo santré sou aksyon ki ta dwe pran an tout priyrite san pèdi tan, anvan menm yo ta pran desizyon pou rezoud lòt gwo pwoblèm estriktirèl yo.

### **1) Fèmen prizon Jeremi a:**

Kondisyon prizon Jeremi a tonbe tèlman an degraba, sèl solisyon se pou sispann itilize espas la pou kretyen vivan. Li senpman enposib pou garanti dwa moun respekte nan eta deplorab bagay yo tonbe la koulyea.

### **2) Diminye kantite moun pil sou pil la:**

Aksyon dwe pran nan limeda pou rezoud pwòblèm moun pil sou pil la. Pou pi piti, moun sa yo ta dwe libere an tout dilijans: a) minè; b) moun ki nan prizon an depase santans maksimòm swadizan krim yo a; c) moun ki pokò prezante devan jij nan peryòd 48-èd tan jan sa preskri pou fêt; epi d) moun yo akize oswa kondane pou enfraçyon ki pa gen arevwa ak zak vyolan.

### **3) Bay manje, estrikti sanitasyon ak swen sante adekwa:**

San mezi an ijans pou bay manje, amelyore sistèm sanitasyon yo, epi bay aksè pou jwenn swen sante, lavi moun ap rete an danje. Pa egzanp, Ministè Sante Piblik ak Popilasyon an Ayiti ta dwe imedyatman distribye vaksen kont tibèkiloz bay otorite prizon yo.

### **4) Envestige epi retire pèsonèl prizon an yo k ap fè abi pouvwa yo:**

Otorite Leta ki konsène yo an dwe mennen envestigasyon sou tout zak movezte ke pèsonèl prizon an oubyen lòt fonksyonè ta fè sou yo. Direktiv ak fòmasyon sou ki konpòtman ki atann onivo pèsonèl prizon yo dwe enstitisyonalize tou.

### **5) Mete an plas yon program dankadreman sikolojik pou garanti sante mantal moun yo:**

Kondisyon jeneralize anprizonnan yo, maladi, malnitrisyon, move kondisyon sanitè, ak lòt faktè ki dekri nan rapò sa a fòseman afekte sante mantal prizonye yo. Lè y ap fè entèvyou

yo, nou obsève jan rega yo vid epi lè y ap eksprime yo, yo gaye. Kalte ankadreman sikolojik sa a ta dwe ede moun yo jwenn libète yo epi retounen yo nan sosyete a ki alontèm ta redwi yon rechit nan pouvantaj ladan yo ki ta ka anvi komèt move zak ankò.

## **6) Fòmasyon pèsonèl ak ranfòsman kapasite:**

Li klè nan lide anpil nan gadyen prizon yo, depi w tonbe nan prizon, oupèdi dwa w antan ke moun. Bay pèsonèl penitansye yo fòmasyon—ki ta dwe enkli tou administratè yo, gadyen, ak pèsonèl sipò yo—sou dwa zimen ak bon jan teknik sou jesyon t ap chanje pèsepsyon sa a nan avantaj detni yo ak sosyete a an jeneral. Fò gen mezi ki pran an ijans pou devlope lakay pèsonèl prizon an bon pratik pwofesyonèl ki chita sou respè, transparans. Prartik sa yo dwe enkli tou mwayen adekwa ak bon jan kondisyon yo dwe mete yo pou yo fè travay yo kòmsadwa.

## **7) Tabli yon plan nasyonal pou amelyore kondisyon anndan prizon yo:**

Tribinal Entèameriken fè pase yon òdonans ki detaye plan pou Ayiti rive respekte kritè minimòm dwa zimen pou garanti yon pwosedi legal kòmsadwa avèk tretman moun dwe jwenn.<sup>xxix</sup> Nan direktiv ki bay yo: yo mande pou tabli “yon plan ak pogram daksyon” k ap gen ladann “kalandriye aktivite yo.” Enstitisyon konsène yo dwe pran mezi pou sa fèt.

## **Remèsiman**

Ekip Rechèch CRAALE la, se ki dirije pa Pwofesè, Mèt Yvon Janvier, nan ESCDROJ, gen ladan Marie Midrenne Appolon, Miranda Hophnie Jean René Dorvilier, Mario Marcellin, ak Flavien Janvier. Rapò sa a se Etidyan Fakilte Dwa UC Law SF Jess McPeake, Blake Bengier, Elena Bertucci, ak Sherene Grinage Gotoy ki te redije l prensipalman avèk kontribisyon otè Direktris Jiridik CGRS /UC Law SF Pwofesè Fakilte Dwa Blaine Bookey ak Asistan Jiridik CGRS /UC Law SF, etidyan dwa Peter Habib. Nou remèsye dwayen ak pwofesè ESCDROJ Jomanas Eustache avèk Direktris Jiridik Haitian Bridge Alliance/UC Law SF Pwofesè Nicole Phillips pou kòmantè ak sipò yo.

## Nòt Fen Douvraj

<sup>i</sup> See, e.g., [Lavira v. Att'y Gen.](#), 478 F.3d 158, 170 (3d Cir. 2007).

<sup>ii</sup> [Yvon Neptune v. Haiti, Merits, Reparations, and Costs, Judgment, Inter-Am. Ct. H.R. \(ser. C\) No. 180](#) (May 6, 2008), para. 171.

<sup>iii</sup> Bureau des Avocats Internationaux (BAI) and Institute for Justice & Democracy in Haiti (IJDH), [Human Rights and Rule of Law in Haiti: Key Recent Developments June through November 2022](#) (Dec. 2022) (“BAI/IJDH Dec. 2022”).

<sup>iv</sup> *Id.*

<sup>v</sup> *Id.*

<sup>vi</sup> Office de la Protection du Citoyen d'Haïti (OPC) [Office for the Protection of the Citizens of Haiti], [Haïti / Mauvaises Conditions de Détenzione: Les Parents des Prisonniers Décédés Doivent s'associer pour Attaquer l'État par Devant des Instances Internationales](#) [Haiti/ Poor Conditions of Detention: Relatives of Deceased Prisoners Must Join Forces to Attack the State Before International Bodies] (Sep. 2022); Réseau National de Défense des Droits Humains (RNDDH) [National Network for the Defence of Human Rights], [Dysfonctionnement des systèmes judiciaire et pénitentiaire: Le RNDDH plaide pour le respect des droits aux garanties judiciaires](#) [Dysfunction of the Judicial and Penitentiary Systems: RNDDH Advocates for the Respect of the Rights to Judicial Guarantees], (Nov 11, 2022).

<sup>vii</sup> UC Law SF Haiti Justice Partnership, <https://www.uchastings.edu/academics/centers/hastings-to-haiti> (last visited May 29, 2023).

<sup>viii</sup> Kate Bloch and Roxane Dimanche, [Human Rights from the Ground Up: Building the First Law School Legal Aid Clinic in Haiti](#), 20 U. Pa. J.L. & Soc. Change 217 (2017).

<sup>ix</sup> See, e.g. Memorandum from Seton Hall Law School (2012) (on file with authors); BINUH, [N'ap Mouri: Rapport sur les Conditions de Détenzione en Haïti](#) [N'ap Mouri: Report on Conditions of Detention in Haiti], (2021).

<sup>x</sup> Seton Hall Memo, *supra* note ix.

<sup>xi</sup> Depi premye publikasyon rapò sa a, CRAALE te genyen kèk viktwa nan reyalizasyon liberasyon kèk prizonye atravè petisyon habeas ak jijman ki te dire lontan. Men, efò sa yo te sèlman grata sifas la.

<sup>xii</sup> BINUH, *supra* note ix.

<sup>xiii</sup> See, e.g., Eur. Ct. H.R., [Ananyev and Others v. Russia](#), App. Nos. 42525/07 & 60800/08, at ¶ 144-45, 148 (Jan. 10, 2012), holding in part that each detained person “must have an individual sleeping place in the cell” and must have “at least three square metres of floor space” to her/his self: the absence of either resulting in a “strong presumption that the conditions of detention amount[] to degrading treatment [...] in breach of Article 3”; see also, Eur. Ct. H.R., [Case of Torregiani & Others v. Italy](#), App. Nos. 43517/09, 46882/09, 55400/09, 57875/09, 61535/09, 35315/10 & 37818/10, May 27, 2013, at ¶ 76; see also, Inter-Am. Comm'n H.R., [Report on the Use of Pretrial Detention in the Americas](#), OEA/Ser.L/V/II., Doc. 46/13, ¶ 291 (Dec. 30, 2013); U.S. Dep't of State, Bureau of Democracy, H.R. & Lab., [Report on International Prison Conditions](#), n.10 (2012).

<sup>xiv</sup> These issues pervade all of Haiti's prisons and are uniquely pronounced in rural areas like Jérémie. See, e.g., Danica Coto, [Haitians are dying of thirst and starvation in severely overcrowded jails](#), Associated Press (June 8, 2023).

<sup>xv</sup> Enfeksyon tibèkiloz te ogmante sèlman depi premye publikasyon rapò sa a.

<sup>xvi</sup> Tout moun ki te entèvyou yo te bay konsantman enfòme pou yo te fè entèvyou yo ki konsistan avèk meyè pratik yo.

<sup>xvii</sup> See generally, U.S. Dep't of State, Bureau of Democracy, H.R. & Lab., Country Reports on Human Rights Practices: Haiti (2022) at 9-10 (“The law requires prosecutors to routinely visit detention centers and police stations to provide for proper treatment of detainees and respect for arrest procedures [...] these visits rarely occurred.”).

<sup>xviii</sup> The Code provides: “Le juge instructeur saisi d'une affaire a un délai de deux mois pour en mener l'instruction et communiquer les pièces de l'information au Ministère public et un délai d'un mois pour l'émission de l'ordonnance de clôture, ce, sous peine de prise à partie.” CODE D'INSTRUCTION CRIMINEL, tit. II, art. 7 [“The investigating judge hearing a case has two months to conduct the investigation and communicate the

---

information to the Public Prosecutor's Office and one month to issue the closure order, failing which he will be taken to task." CODE OF CRIMINAL PROCEDURE, tit. II, art. 7].

<sup>xxix</sup> Haiti has ratified the following U.N. treaties: the International Covenant on Civil and Political Rights (ICCPR), the International Covenant on Economic, Social and Cultural Rights (ICESCR), the International Convention on the Rights of Persons with Disabilities (CRPD), the Convention on the Elimination of All Forms of Racial Discrimination (CERD), the Convention on the Elimination of All Forms of Discrimination Against Women (CEDAW), the Convention on the Rights of the Child (CRC) and the Optional Protocol on the sale of children, child prostitution and child pornography. Furthermore, Haiti has ratified the following regional treaties: the American Convention on Human Rights (ACHR), the Inter-American Convention on the Prevention, Punishment and Eradication of Violence Against Women ("Convention of Belem do Pará"), and the Inter-American Convention on the Elimination of All Forms of Discrimination Against Persons with Disabilities.

<sup>xx</sup> *Neptune v. Haiti*, *supra* note ii, para. 138.

<sup>xxi</sup> Relevant non-binding instruments are the U.N. Standard Minimum Rules for the Treatment of Prisoners ("the Nelson Mandela Rules"), the United Nations Rules for the Treatment of Women Prisoners and Non-custodial Measures for Women Offenders ("the Bangkok Rules"), and the United Nations Standard Minimum Rules for the Administration of Juvenile Justice ("the Beijing Rules").

<sup>xxii</sup> ICCPR, art. 7; ACHR, art. 5. See also ICCPR, art. 10 (right to humane treatment in detention).

<sup>xxiii</sup> ICCPR, art. 6; ACHR, art. 4.

<sup>xxiv</sup> RNDDH, *supra* note vi, para. 103.

<sup>xxv</sup> ICCPR, art. 9; ACHR, art. 7.

<sup>xxvi</sup> ICESCR, art. 12; CRPD, art. 25 (right to equal access to healthcare for people with disabilities).


<sup>xxvii</sup> CEDAW, arts. 1-2; Convention of Belem do Pará arts. 3, 4, 7.

<sup>xxviii</sup> CRC, arts. 37(c), 40; Beijing Rules.

<sup>xxix</sup> *Neptune v. Haiti*, *supra* note ii, paras. 171, 179, 183.



Center for Gender & Refugee Studies



Haiti Justice  
Partnership